A Ndiani ari nhengo yemhuri yaMwari?

- ❖ Adhamu aiva“mŋanakomana waMŋari” (Ruka 3:38). Zvinoreva here kuti vana vake vose mudzinza,vana vaMwari zvakare(Maraki 2:10)?
- ❖ Vanhu vese vana vaMwari nekuda kweKusika. Zvakadaro, izvi hazvitiite chikamu chemhuri yaMwari. Kuti tive chikamu chemhuri Yake tinofanira “kuɓerekwa naMŋari.” (1 Johani 5:1)
- ❖ Johani akatsanangura kuti tiri vana vaMwari nokuti anotida (1Johani 3:1-2). Jesu paAkava munhu, Akava nhengo yemhuri yedu saka chero munhu anoda kuva nhengo yemhuri yaMwari anogona kudaro (VaHebhuru 2: 11-18). Ndiko kusaka Jesu akataura nezva“Ɓaɓa ʋaŋgu” na “Ɓaɓa ʋenyu.” (Johani 20:17)

B Ndiyani muridzi wezvose?

- ❖ Mwari akaudza Dhavhidhi kuti aisakwanisa kuvaka temberi, saka mwanakomana wake Soromoni aizoivaka. Davidi akagadzira zvinhu zvese zvaidiwa (1 Makoronike 22:6-10, 14).
- ❖ Ipapo, Davidi akakoka vanhu kuti vauye nechipo chakakosha chokuvaka (1Makoronike 29:6-10). Davidi akapindura kurupo rwavo nekunamata kwavo sezvizvi (1Makoronike 29:11-16):
  - — “ʐose ʐiri kuɗeŋga neʐiri pasi nde-ʐenyu” (11)
  - — “Fuma nokukudzwa ʐinobva kwamuri” (12)
  - — “ʐose ʐinobva kwamuri” (14)
  - — “takaŋgokupai ʐakabva paruʋoko rwenyu” (14)
  - — “ʐose ʐakawanda[…] ʐinobva paruʋoko rwenyu” (16)
  - — “ʐose ndeʐenyu” (16)

C Zvishandiso zvipi zvatiinazvo?

- ❖ Chipo chikurusa chaakatipa Mwanakomana wake, Jesu (Johani 3:16).
- ❖ Ndezvipi zvipo zvemweya nezvenyama izvo Mwari anopa kwatiri?
  - — Huvepo (Mabasa 17:25)
  - — Ruponeso (1 Petro 1:5)
  - — Mweya Mutsvene (Ruka 11:13)
  - — Zvipo zvemweya (1 VaKorinte 12:7-11)
  - — Zvikomborero zvenyama (Mateo 6:31-33)

D Tinofanira kuitei?

- ❖ Mwari akatipa zvinhu zvose, uye Akatigadza kuti tive vatariri vazvo (Genesisi 1:27-28).
- ❖ Ari kutarisirawo mhinduro yerudo (Mateo 22:37). Tingaratidza sei kuti tinomuda?
- ❖ Johani akarwutsanangura: “Nokuti ruɗo rwaMŋari ndirwo, kuti ticeŋgete mirairo yake; mirairo yake hairemi.” (1 Johani 5:3)
- ❖ Kuda Mwari kunosanganisira kuteerera mirayiro Yake. Hatingataure kuti tinoda Baba vedu Vekudenga kana tisingadi kuvateerera.

E Tinofanirwa kuitei nezvatiinazvo?

- ❖ Kana Mwari achitipa zvinhu zvose uye achitikumbira kuti tizvichengete, nei Jesu akati hatifaniri kuva nepfuma panyika (Mateo 6:19)?
- ❖ MuBhaibheri mune vanhu vakanga vakapfuma vakaramba vakatendeka kuna Mwari, vakadai saAbrahamu kana Jobho. Zvisinei, chivimbo chavo chakanga chisina kuiswa mupfuma yavo. Vaiona hupfumi hwavo sechinhu chenguva pfupi, chavakakwereta, chinogona kutsivika… (Jobho 1:21)
- ❖ Jesus anotikurudzira kuti tizvivunganidzire “fuma kuɗeŋga” (Mateo 6:20). Tinogona kuzviita sei?
  - — Kuita kuti Mwari nechinangwa Chake zvive pekutanga kwatiri (Mateo 6:33)
  - — Kushandisa pfuma yedu kugutsa zvatinoda (1 Timotio 5:8)
  - — Kuparidza Evhangeri zvose mukutaura uye nemuenzaniso wedu (VaRoma 10:14-15)
  - — Kuropafadza vamwe nezvinhu zvedu uye nezviito zvedu (Ruka 10:36-37)